



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REFÒM POU PWOGRAM ZÒN OPÒTINITE ESPAS  
DEVLOPMAN POTANSYÈL NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2019 LAN**

***Pwojè Lwa a Te Gen Ladan nan Bidjè Egzekitif lan Ta Pral Bay Bourad a Efikasite  
pou Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo;  
Mentni Finansman yo a 2 Milyon Dola***

***Pwogram Newtwayaj Espas Devlopman Potansyèl nan Eta a Te Bay 62 Sètifika  
Achèvman an 2017; Pi Gwo Kantite Anyèl Total Ke DEC Te Bay Depi Toutan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwojè lwa ki pral òganize pwosesis aplikasyon epi mentni finansman eta yo a 2 milyon dola pou Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo (Brownfield Opportunity Area, BOA) nan Eta New York. Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo ap bay sibvansyon bay gouvènman lokal ak òganizasyon ki baze nan kominote yo pou kapab abòde chanjman konplèks ki an rapò ak konsantrasyon espas devlopman potansyèl ak pwopriyete ki vakan epi ki pa itilize ase yo ki nan anba lavi yo ak nan vwazinaj yo. Sibvansyon yo ap sipòte plan ki reyalis ki an favè kominote yo pou redevlopman, sa ki ap bay yon wout pou transfòme pwopriyete ki deprave yo pou vin tounen atou kominotè vital yo. Nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 lan, Gouvènè an te prezante chanjman ki pwopoze yo pou kapab òganize pwosesis lan epi kontinye ak finansman pou pwogram lan.

“Pwogram sa te ede kominote yo ki nan chak kwen New York pou transfòme pwopriyete ki delabre epi ki neglije yo pou vin tounen motè ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Apati refòm ak òganizasyon pwosesis sa, nou pral ede asire ke plis gouvènman lokal gen aksè a zouti ak resous ke yo bezwen pou ede New York kontinye pwospere.”

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 Gouvènè an gen ladan refòm pou Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo ki ta pral:

- Òganize planifikasyon apati eliminasyon etap nominasyon alavans lan ak kreyasyon yon pwosesis ki baze sou kominote a ki gen yon sèl etap pou kapab reyalize chwa Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo;
- Pèmèt plan aktyèl yo oswa plan ki devlope an deyò pwosesis Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo ki reponn a kritè jeneral yo pou kalifye pou pwogram lan; epi

- Pèmèt Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl aktyèl yo aplike pou asistans finansye pou sibvansyon devlopman alavans yo.

Chanjman ki pwopoze yo pral òganize pwosesis planifikasyon an epi fè kwonoloji pou kominote ki ap patisipe nan Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo, ranfòse epi favorize kredi enpo, kontra ak lòt avantaj nan Pwogram Netwayaj Espas Devlopman Potansyèl yo, ke yo te bay atravè pwogram sa pou lòt pwojè ki finansse pa eta yo. Developè, pwopriyete pwopriyete yo ak lòt moun ki gen pwojè ak pwopriyete ki sitiye nan zòn yo te chwazi kòm Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo kalifye pou jwenn aksè a plis prim ankourajman sou fòm enpo Devlopman Potansyèl adisyonèl yo, pou devlope pwojè ki gen objektif pou transfòme zòn ki degrade epi ki p'ap sèvi nan kominote yo epi pou retounen mete yo nan itilizasyon pwodiktif. An plis, pwojè yo ki nan Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo chwazi an gen dwa tou pou yo resevwa priorite ak preferans pou kèk sibvansyon Eta yo. Genyen aktyèlman 44 zòn ki deziye kòm Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl nan Eta New York. Apati transfòmasyon pwopriyete ki neglije nan New York yo, pwogram lan ap kapitalize sou potansyèl ekonomik epi ki baze nan kominote yo ki nan anba lavil yo atravè eta a, ki ap sèvi kòm katalizè pou revitalizasyon nan tout vwazinaj lan.

Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl yo te yon faktè kle nan revitalizasyon kominote atravè eta a pandan ke y'ap netwaye epi redevlope espas estratejik yo. Patipasyon nan pwogram lan te pi byen prepare kominote yo pou rivalize pou opòtinite devlopman ekonomik federal, eta ak lokal yo.

Depatman Deta (Department of State) travay nan patenarya avèk kominote lokal yo ak òganizasyon yo pou devlope ak reyalize vizyon yon kominote pou re-amenajman ak revitalizasyon kominotè. Kalite katye ak zòn kote resous pwogram yo te aplike enkli fabrikasyon/endistriyèl, koridò komèsyal, rezidansyèl, anba lavil ak rivyè. Atravè Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl sa a, espas ak zòn yo te transfòme soti pwoblematik pou vin tounen atou pou kominote a ki ap kreye biznis, travay, ak revni pou ekonomi lokal yo epi bay nouvo lojman ak ekipman piblik.

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** “Plan Gouvènè Cuomo pou bay menm plis efikasite a pwogram vital sa pral fè li vin pi fasil pou gouvènman lokal yo ak avoka yo gen aksè a resous ki nesèsè yo pou kapab favorize amelyorasyon nan sant ibèn yo. Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl lan se yon katalizè pou pote amelyorasyon ke yo bezwen anpil nan kominote yo atravè eta a. Ak fon sa yo, lokalite yo kapab etabli fondasyon pou netwaye espas ki kontamine yo, kreye kwasans ekonomik epi etabli yon sans fyète”.

An plis, Gouvènè an te anonse ke Pwogram Netwayaj Espas Devlopman Potansyèl lan te bay 62 “Sètifika Achèvman” an 2017, pi gwo kantite anyèl total ke Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta a (Department of Environmental Conservation, DEC) te bay. Jiskadat, DEC te bay 364 sètifika pou netwayaj espas devlopman potansyèl yo depi lè ke pwogram lan te etabli an 2003. Pwogram lan ap ankouranje netwayaj volontè pou pwopriyete ki te kontamine yo ke yo rele espas devlopman potansyèl yo, pou ke yo kapab retounen itilize epi devlope zòn sa yo yon fason responsab. DEC ap bay yon Sètifika Achèvman apre achèvman yon pwojè espas devlopman potansyèl sèlman apre ke yo detèmine ke yo te akonpli objektif netwayaj pou espas lan, epi ke solisyon an ap

pwoteje sante piblik lan ak anviwònman an. Apre ke li fin resevwa sètifika a, aplikan an ap kalifye pou redevlope espas lan ki sijè a kèk restriksyon, si yo aplikab, ki depann de itilizasyon prezime li nan fiti.

**Komisè DEC a, Basil Seggos, te di,** “Pwogram Netwayaj ak Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl New York yo ap fè vanse retablisman zòn ki degrade yo ki nan kominote atravè eta a, epi retounen mete plizyè douzèn pwopriyete ki pa itilize ase nan itilizasyon ki pwodiktif. Netwayaj ak retablisman pwopriyete espas devlopman potansyèl yo enpòtan anpil pou sovgade sante piblik lan, pwoteje anviwònman an, epi devlope atou kominotè yo ki gen potansyèl pou bay enèji a ekonomi lokal yo ak kalite lavi a”.

W ap jwenn plis enfòmasyon, ki gen ladan detay ak dokiman planifikasyon nominasyon ki asosye ak Pwogram Zòn Opòtinite Devlopman Potansyèl sa yo, disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418